

DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) - DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS (DIVISION OF LICENSING SERVICES)

LIS TOUT SA KI NESESÈ POU PRATIK KOSMETOLOJI POU PWOSEDI EGZAMEN AN

Egzamen sa a ap pran apeprè 3½ èdtan pou fè li. Nou bay yon sèten kantite tan pou chak pwosedi jan sa endike anba la a; nou pral demontre pwosedi sa yo sou yon manniken. (Nòt: Nou bay yon sèten kantite tan pou preparasyon ak netwayaj; men n ap bay ase tan pou moun yo fè pwosedi sa yo.) Egzaminatè a ap bay enstwiksyon yo aloral anvan demonstrasyon chak pwosedi. N ap fè similasyon pwosedi chimik sa yo. Nou mande pou ou pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout tan w ap fè egzamen sa a. Nòt pou pase pou egzamen pratik kosmetoloji se 70 pousan.

Aparans Pwofesyonèl, Preparasyon nan Espas Travay la ak Preparasyon Kliyan an N ap Evalue 9 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Tanpri prepare pòs travay ou avèk materyèl jeneral ou pral itilize yo pandan tout egzamen ou. Tout lòt materyèl yo ta dwe rete nan sache ou jouk lè ou bezwen yo pou fè chak pwosedi epi/oswa jouk lè ou jwenn enstwiksyon pou prezante yo. W ap prepare (jwenn ak kouvri kò) manniken ou pou lòt pwosedi yo. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo."

- 1) Moun ki aplike a dwe abiye avèk yon rad ki pwòp sou li (oswa blouz/tabliye) ki pa rantre epi ou mete sou yon chemiz oswa yon rad (ki gen omwen yon kwaf oswa ki gen manch kout si ou mete tabliye), epi moun ki aplike a dwe mete soulye ki fèmèn ak talon fèmèn ki kouvri anlè pye li epi ki pa fèt avèk twal.
- 2) Yon solisyon dezenfektan EPA apwouve (li ka sou fòm likid, espre, lenjèt, elatriye); pwodui a dwe nan anbalaj orijinal li epi li dwe make, ou dwe aplike li pou kouvri tout sifas pòs travay ou, epi pòs travay ou dwe sèch nèt (ou ka itilize sèvyèt oswa sèvyèt papyè) anvan ou kòmanse.
- 3) Ou dwe gen yon sache plastik nan pòs travay la ki nan limit pou jwenn li; ou dwe itilize sache dechè a pou jete tout materyèl sal ou dwe jete pandan pwosedi sanitasyon an.
- 4) Ou dwe te pote zouti ki bezwen dezenfeksyon pita (sizo/peny/bwòs, elatriye) nan sant egzamen an nan yon resipyan kouvri ki make 'clean' ('pwòp') ak/oswa sache plastik ki ka fèmèn.
- 5) Nou bay yon sache plastik ki ka fèmèn ak yon resipyan plastik solid (di) (ki gwo ase pou pran sizo ak/oswa razwa) pou sizoka san tonbe atè, epi sache a make 'blood contamination' ('kontaminasyon san').
- 6) Moun ki aplike a ap dezenfekte men li avèk ajan dezenfektan (sou fòm likid, mous, lenjèt, elatriye) anvan li manyen kliyan an (manniken an).
- 7) Moun k ap pran egzamen an dwe bay yon manniken ki gen koulè cheve solid avèk chemen imen ki pa ni koupe ni trete, epi cheve a tache kòrèkteman nan pòs travay la/sou tab la avèk yon klanps anlè kontwa (moun k ap pran egzamen an ka itilize sèvyèt papyè oswa nenpòt lòt pwodui pou tache manniken an san pwoblèm nan klanps lan).
- 8) Kliyan an (manniken an) kouvri kòrèkteman avèk yon kap ki pwòp, ki demele/redui nan longè oswa avèk yon kap regilye; moun ki aplike a ap itilize yon twal oswa bann pou kou pou fòme yon baryè.
- 9) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè preparasyon pòs travay la ak kliyan an (manniken).

Teknik Pou Koupe Cheve (50 minit)

N ap Evalye 12 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral demontre teknik pou koupe cheve. Toudabò w ap mouye ak demele cheve a. Answit, w ap detèmine yon gid elevasyon zewo degre, avèk yon fwon ki panche, avèk sizo a. Ou gen pèmasyon pou kat oswa senk seksyon. Ou ka kontinye fè yon koup a nivo 90 degre, san bwi, avèk sizo a. W ap itilize liy separasyon vètikal pou kreye yon elevasyon 90 degre. Answit n ap mande ou pou demontre youn oswa de seksyon avèk yon razwa. W ap bezwen demontre tou kijan pou retire gwo moso cheve anplis yo avèk zouti ou chwazi poukont ou. Si egzaminatè ou pa t vin bòkote ou lè ou pare pou kontinye koupe avèk razwa epi pou retire gwo moso cheve anplis la, ou ta dwe leve men ou pou fè egzaminatè ou konnen sa anvan demonstrasyon ou nan domèn sa yo nan omwen yon seksyon, paske li nesèsè pou egzaminatè obsève teknik ou. Yon longè sispansyon sis pous minimòm ak sèt pous maksimòm (apati dèyè kou a) ap rete. Nou p ap aksepte ou koupe pwen koup la. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Egzaminatè ou ap apwoche ou pou mande ou pou itilize peny ou pou tcheke koup ou. Nan moman sa a, l ap mande ou pou pase bale nan zòn toupre ou epi l ap prepare materyèl pou seche cheve a. Lè ou fini, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 50 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou koupe cheve a ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Ou dwe itilize kat oswa senk seksyon pou separasyon; separasyon yo dwe pwòp ak inifòm epitou yo dwe vizib; itilize peny lan pou fè seksyon/separasyon yo.
- 3) TOUDABÒ ou dwe detèmine perimèt la avèk yon gid elevasyon zewo; ou dwe kòmanse koupe cheve a nan mitan dèyè kou epi ou dwe kontinye nan nenpòt direksyon (goch oswa dwat).
- 4) Itilize gid la depi nan perimèt la (ou gen pèmasyon pou koupe apati anlè kràn nan oswa dèyè kou a sou anlè) pou detèmine long a nivo a.
- 5) Itilize sou-seksyon/separasyon konsistan pandan w ap koupe cheve ou.
- 6) Detèmine yon elevasyon a 90 degre avèk separasyon vètikal; cheve a dwe rete yon fason ki konsistan nan yon elevasyon a 90 degre pandan koup la (nou aksepte kont-verifikasyon orizontal).
- 7) Kontinye koup 90 degre a avèk yon razwa.
- 8) Demontre ou retire gwo cheve anplis la (ou ka itilize sizo pou fofile/razwa/sizo).
- 9) Kenbe sizo a ak razwa a (pwoteksyon kòrèk) san pwoblèm toutan lè w ap itilize li; kenbe ak pran sizo a (sizo a pa dwe vire) ak razwa a kòrèkteman (lam nan dwe fèmen) lè ou p ap itilize li; ou dwe kenbe sizo a/peny lan (ou pa dwe depoze yo) pandan pwosedi teknik pou koupe cheve a.
- 10) Koup cheve fini an dwe mele yon fason inifòm avèk yon longè sispansyon 6 pous a 7 pous toutopli; fwon an dwe panche; koup la dwe ekilibre (inifòm ant yon bò ak lòt bò a); perimèt la dwe pwòp epi san manke anyen.
- 11) Retire pens cheve a nan po, sou kap la, ak nan espas travay la (pase bale nan planche ki toutotou espas travay la); re-dezenfekte men ou.
- 12) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi teknik koupe cheve a.

Teknik pou Seche Cheve pandan Kwafi (15 minit)

N ap Evalye 8 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a, ou pral seche anlè (anlè kràn nan pou rive nan liy cheve devan an) ak youn seksyon bò tèt la; nenpòt pwen kòmansman akseptab. Ou pa gen obligasyon pou mouye cheve a ankò, men ou ka fè sa si ou vle. Tanpri sonje ou ka itilize dlo sèlman (pa pwodui). Ou dwe montre ou kontwòl pwosedi pou seche cheve a (ou ta dwe itilize pens cheve); nou pa aksepte sechaj owaza. Ou ka itilize yon konsantratè. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Apre egzaminatè ou tcheke pwosedi seche cheve ou, tanpri koneke epi limen fè marcel ou epi prepare lòt materyèl yo pou pòsyon teknik fè pou frize cheve nan egzamen an. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Cheve a pa dwe gen ne, epi li dwe pare pou resevwa pwosedi a; montre yon fòm seksyonman mannan (ou ta dwe itilize pens) pou montre kontwòl pwosedi pou seche cheve (pa pou seche moso yo owaza).
- 3) Detèmine yon kalite direksyon pandan pwosedi a.
- 4) Demontre kontwòl tansyon sou cheve a pandan w ap itilize bwòs iregilye.
- 5) Ou dirije ekoulman lè a kòrèkteman pou pwoteje po tèt la. Seche ant po tèt la ak pwent yo.
- 6) Moun k ap fè egzamen a kenbe sechwa a kòrèkteman, nan manch lan sèlman, pandan pwosedi a (li ka mete sechwa a sou sifas la pou reseksyon).
- 7) Cheve a seche nèt (sou anlè ak yon bò) nan yon manyè inifòm (swa anba oswa anlè).
- 8) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite pandan tout aspè pwosedi pou seche cheve a.

Teknik Bouk Tèmik/Teknik Pou Fè Bouk avèk Fè Pou Pase Cheve (15 minit)

N ap Evalye 8 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Ou pral itilize yon fè elektrik marcel pou demontre yon total sis bouk: twa bouk silendrik nan baz la (po tèt a jouk nan pwent) avèk manipilasyon fè a (koupe epi kite li frèt) ak twa bouk espiral (po tèt jouk nan pwent; vètikal epi PA koupe). Ou pral demontre twa bouk silendrik yo nan anlè tèt la, epitou w ap demontre twa bouk espiral yo nan bò tèt la ki seche a. Ou dwe demontre youn nan chak kalite bouk yo an prezans dirèk egzaminatè a. Si egzaminatè ou pa t apwoche ou lè ou pare pou fè twazyèm bouk ou nan chak kalite, ou ta dwe leve men ou pou fè egzaminatè a konnen sa anvan demonstrasyon ou, paske sa nesèsè pou li obsève teknik ou. Ou pa ka itilize pwodui sou cheve a pandan pwosedi sa a. Lè ou fini epi apre egzaminatè ou tcheke bouk ou yo, ou ta dwe vlope fè a nan yon twal oswa ou ta dwe kouvri ak anba li ankò nan sache transpò a epitou ou ta dwe prepare materyèl yo pou plasman woulo yo. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou teknik pou fè bouk nan cheve a avèk fè a pou li fè pwosedi sa a, epi yo materyèl yo ak zouti yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Sou-seksyon/separasyon yo pa dwe gen ne, yo dwe dwat ak pwòp; lajè ak longè separasyon yo se apeprè 3/4" nan lajè pa 2" nan longè oswa ekivalan gwo silend pou anlè a (bouk silendrik); sou-seksyon/separasyon 1" pa 1 ½" pou bò a (bouk espiral).
- 3) Distribiye cheve a egale toutotou fè a; fè a woule ant baz la ak pwent lan pandan w ap manipile fè a (li ka woule nan direksyon oswa lwen figi a).
- 4) Twa bouk silendrik nan baz la (po tèt la jouk nan pwent lan) fòme anlè avèk manipilasyon fè a avèk yon men (koupe li epi kite li frèt).
- 5) Twa bouk espiral (po tèt la jouk nan pwent) fòme kòrèkteman sou bò a (vètikal epi li pa koupe).
- 6) Pwoteje po tèt la nan chalè fè a avèk yon titàn kawotchou di oswa nenpòt lòt peny ki reziste kont chalè lè ou mete peny lan ant fè a ak po tèt la pou evite brili (peny lan ap rete nan men ou); ou pa dwe kenbe fè a nan cheve a pandan yon kantite tan egzajere; ou itilize/kenbe fè a san pwoblèm (lwen kliyan an epi ou pa boule kò ou; ou kenbe li san pwoblèm pandan manipilasyon yo) toutan.
- 7) Fòme bouk yo yon fason pou cheve ka lis epi pa make; okenn mak oswa krèt ladan.
- 8) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi pou fè bouk avèk fè a.

SEKSYON V - DEMONSTRASYON TEKNIK YO:

Plasman Woulo - Anlè Tèt la (10 minit)

N ap Evalye 8 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a nou pral kòmanse pòsyon Demonstrasyon Teknik yo nan egzamen an. W ap kite nan tout pwosedi ou fè yo pandan pòsyon sa a nan egzamen an jouk lè ou resevwa enstwiksyon egzaminatè ou pou pran nòt (sa ap fèt apre ondilasyon avèk dwèt ou). Premye demonstrasyon an se pral plasman woulo. Ou pral kòmanse mouye manniken ou pou pòsyon sa a nan egzamen an. Tanpri sonje ou ka itilize dlo sèlman (pa pwodui). Pou premye pwosedi sa a, ou pral mete twa gwo woulo nan seksyon anlè tèt la apati liy cheve fwon an. W ap woule tout twa woulo yo lwen avèk figi a. W ap mete woulo yo jan sa endike anba la a: premye woulo a ap sou baz la, dezyèm woulo a ap ½ avèk baz la, epi twazyèm woulo a ap lwen baz la. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Apre egzaminatè a tcheke pwosedi ou, tanpri prepare materyèl ou yo pou pwosedi tisaj pèmanan an. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 10 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti plasman woulo ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Ou dwe mete premye woulo a sou baz la; ou dwe poze woulo a kòrèkteman/solid avèk pens yo (itilizasyon youn oswa de pens akseptab).
- 3) Ou dwe mete dezyèm woulo a ½ avèk baz la (½ sou baz la); ou dwe poze woulo a kòrèkteman/solid avèk pens yo (itilizasyon youn oswa de pens akseptab).
- 4) Ou dwe mete premye woulo a lwen baz la; ou dwe poze woulo a kòrèkteman/solid avèk pens yo (itilizasyon youn oswa de pens akseptab).
- 5) Ou dwe itilize yon peny ki gen ke oswa yon peny tout itilizasyon pou fè separasyon yo pwòp ak inifòm; ou dwe mouye cheve a (avèk dlo sèlman) epi ou dwe fè seksyonman an nan apeprè menm longè ak lajè woulo a; sou-seksyon yo/separasyon yo pa dwe gen ne, yo dwe dwat ak pwòp.
- 6) Ou dwe distribye cheve a yon fason inifòm ak lis sou woulo yo; tout twa woulo yo pa dwe nan direksyon figi a; ou pa dwe itilize papye an swa.
- 7) Cheve a gen longè kòrèk pou pwosedi a; li pa twò long ni twò kout pou woulo yo (cheve a ale toutotou woulo a omwen 1 ½ - 2 fwa).
- 8) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi plasman woulo a.

Restriktirasyon Chimik: Ondilasyon Pèmanan - Bò Goch Tèt la (10 minit)

N ap Evalye 13 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral prepare kliyan ou (mannken an) pou tout sèvis chimik ou pral demontre yo pou rès egzamen sa a. Kounye a ou pral demontre ondilasyon pèmanan. Pou pwosedi sa a, ou pral itilize omwen senk oswa plis tij pou fè panèl la sou bò goch tèt la. W ap itilize krèm pwoteksyon (jèl) ak riban koton pou pwosedi sa a; ou ka aplike toulède nan zòn devan seksyon sa a oswa nan blòk la nèt; ou gen pèmasyon pou itilize nenpòt. Apre ou aplike koton an, w ap resevwa endikasyon pou demontre aplikasyon losyon ondilasyon an, epitou w ap resevwa endikasyon pou fè yon bouk tès an prezans dirèk egzaminatè ou. W ap itilize dlo nan yon boutèy aplikatè pou fè tankou se yon losyon ondilasyon pèmanan. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. (Nòt: Si riban koton anplas toutotou yon panèl ki fini lè kantite tan nou ba ou a fini, w ap toujou gen pèmasyon pou aplike losyon an epi fè bouk tès la an prezans egzaminatè a.) Apre egzaminatè a tcheke pwosedi ou, tanpri prepare materyèl ou yo pou pwosedi ondilasyon bouklèt woule. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 10 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Ou dwe kouvri kò kliyan an (mannken an) kòrèkteman pou sèvis chimik yo (twal ki anba kap la se rad; twal ki sou kap la ka se rad oswa papye).
 - 2) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti tisaj plasman ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe
- Cosmetology Practical Task List for Examination Procedures – HT (Rev. 03/16)

parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.

3) Sou-seksyon yo/separasyon yo ak blokaj yo pa dwe gen ne, yo dwe dwat ak pwòp; ou dwe separe cheve a apeprè nan menm longè ak lajè avèk solisyon pèmanan lan.

4) Itilize plasman tij/baz ki konsistan pandan seksyon an (tout tij yo sou baz la oswa mwatye avèk baz la).

5) Bann yo dwat epi yo pa tòde; ou dwe mete agraf yo toutolon anlè oswa tij yo; ou ka tache tij yo swa lwen figi a oswa nan direksyon figi a.

6) Panèl la fini; ou te itilize senk tij oswa plis ki gen menm koulè (gri, blan, oswa vyolèt) pou fini panèl la.

7) Ou dwe pase krèm pwoteksyon (jèl) ak riban koton an nan zòn figi a oswa nan tout blòk la. Nòt: Moun k ap fè egzamen an ka mete krèm pwoteksyon nan dèyè men dezenfekte li.

8) Ou dwe mete gan lè w ap pase losyon an ak lè w ap fè bouk tès la.

9) Ou dwe aplike losyon tisaj pèmanan an yon fason inifòm nan anlè ak anba tij la avèk boutèy aplikatè a pou satire chak pwent cheve a nèt; ou dwe demontre kontwòl pwodui (ou ka itilize twal la pou pran ti cheve minè anplis yo).

10) Ou dwe fè bouk tès la epitou ou dwe prezante bon jan bouk; cheve a dwe monte kòrèkteman (li ka rilaks nan fòm "S"); cheve a re-woule kòrèkteman.

11) Cheve a distribye yon jan inifòm ak lis sou solisyon pèmanan lan; cheve a vlope toutotou tij la omwen 1 ½ fwa; itilize bon jan tansyon (egalego) pou vlope cheve a sere toutotou tij la.

12) Cheve a simaye yon jan inifòm sou papyè an swa a; papyè an swa a depase pwent cheve a; pa dwe gen okenn mak (nenpòt teknik akseptab; senp, doub oswa sipò-liv).

13) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi ondilasyon pèmanan an.

Ondilasyon Bouklèt Dyagonal Woule/Fòm C - Bò Dwat Tèt la (10 minit)

N ap Evalye 10 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral demontre teknik bouklèt woule. Pou pwosedi sa a, TOUDABÒ ou pral fè yon krèt dyagonal sou bò dwat tèt la nan liy cheve devan an, apre sa w ap fè 3 oswa plis bouk krèt ki prezante youn sou lòt nan direksyon zegwi mont (apeprè yon pous nan dyamèt). APRE OU FÒME BOUK KRÈT YO, kontinye pou fè yon fòm c dyagonal dèyè bouk krèt to avèk 3 oswa plis bouk ki bati youn sou lòt nan direksyon kontrè zegwi mont (apeprè yon pous nan dyamèt). Tanpri sonje ou ka itilize losyon pou ondilasyon avèk dwèt oswa dlo. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Apre egzaminatè a tcheke pwosedi ou, tanpri prepare materyèl ou yo pou pwosedi ondilasyon avèk dwèt. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 10 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti ki nesèsè pou ondilasyon bouklèt pou fè pwosedi sa a, epi yo materyèl yo ak zouti yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.

2) Cheve a mouye ase pou fè pwosedi a; sou-seksyon/panèl yo pa dwe gen ne, yo dwe dwat, pwòp ak penyen yon fason lis.

3) Ou te dwe fòme yon krèt dyagonal TOUDABÒ nan liy cheve devan an (li ka se 1-3 dwèt lwen avèk liy cheve devan an); ou dwe bati twa oswa plis bouk krèt youn sou lòt nan direksyon zegwi mont lwen krèt ki nan pwent devan fòmasyon sou premye panèl la.

4) APRE OU FÒME BOUK KRÈT YO, ou dwe bati twa oswa plis bouk youn sou lòt nan direksyon kontrè zegwi mont apati pwent ouvè fòm c sou dezyèm panèl la.

5) Bouk yo kouche plat epi ak yon fason lis san ou pa deranje modèl/fòm na; tij yo lis epi yo pa tòde.

6) Ou dwe fòme bouk yo apati pwent ouvè fòm nan; pwent bouk yo dwe rete andedan sèk la, epi yo dwe gen mitan yo ki louvri.

7) Bouk yo dwe antre nan fòm nan epi yo dwe rete youn sou lòt; bouk yo dwe mezire apeprè yon pous nan dyamèt (apeprè gwosè yon ka).

8) Ou dwe poze bouk yo san pwoblèm (avèk pens bwòch); pens yo pa ta dwe kouvri tout panèl la oswa yo pa ta dwe defòme bouk krèt la.

9) Ou dwe itilize yon peny ondilasyon avèk dwèt oswa yon peny ki gen ke kòm sadwa pandan pwosedi a.

10) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi ondilasyon bouklèt woule a.

Ondilasyon avèk Dwèt - Dèyè Tèt la (10 minit)

N ap Evalye 6 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral demontre teknik ondilasyon avèk dwèt. Pou pwosedi sa a, ou pral fè yon ondilasyon (de krèt) apati pwent ouvè moulaj nan dèyè tèt la (ondilasyon an ka orizontal, vètikal, oswa dyagonal). Ou ka chwazi pou itilize losyon ondilasyon avèk dwèt ou; ou pa ka itilize jèl. Ou ka itilize dlo anplis losyon ondilasyon avèk dwèt oswa alapas li pou pwosedi sa a. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Apre egzaminatè a tcheke pwosedi ou, l ap ba ou enstwiksyon pou retire tout pwosedi yo epi pou prepare materyèl yo pou pwosedi bouchaj la. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 10 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti ondilasyon avèk dwèt ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Ou dwe mouye cheve a ase pou fè pwosedi a; seksyon an pa dwe gen ne epi li ou dwe penyen li yon jan lis.
- 3) Ou dwe kòmanse fòmasyon ondilasyon an nan pwent ouvè moulaj ki dèyè tèt la; krèt yo defini (krèt yo vizib).
- 4) Cheve a fèt pou lis ant krèt yo san okenn kote ki separe ni kase; fòmasyon ondilasyon an fèt pou inifòm pou kreye yon modèl "S" nan cheve a.
- 5) Krèt yo fèt pou paralèl youn ak lòt epi yo dwe gen espas egalego (ondilasyon yo ka orizontal, vètikal, oswa dyagonal - yo tout akseptab).
- 6) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi ondilasyon avèk dwèt la.

SEKSYON VI - SÈVIS CHIMIK:

Similasyon Bouchaj - Fwon Dwat (15 minit)

N ap Evalye 10 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pou pòsyon sèvis teknik lan nan ki nan egzamen sa a, ou pral kòmanse separe tèt la an ka seksyon egalego. Kounye a ou pral fè yon bouchaj nan fwon dwat tèt la. Ou dwe demontre twa ondilasyon ak twa tranch; ou DWE fè youn nan chak an prezans dirèk egzaminatè a. W ap itilize kolestewòl pou similasyon sa a avèk metòd bòl ak bwòs. Ou pral itilize 1/4 pous sou-seksyon; sou-seksyonaj ki gen fòm ang epi ki paralèl akseptab. Ou ka kòmanse aplikasyon ou swa anlè oswa anba seksyon an. Si egzaminatè ou pa t apwoche ou epi si ou pa t fè de ondilasyon yo ak d tranch yo, ou ta dwe leve men ou pou fè egzaminatè a konnen sa anvan demonstrasyon ou pou twazyèm ondilasyon ak tranch ou, paske sa nesèsè pou li obsève teknik ou. Apre egzaminatè a obsève toulède teknik yo, tanpri prepare materyèl ou yo pou pwosedi kolorasyon cheve a (retouch). Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou bouchaj la ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Sou-seksyon yo fèt pou inifòm; yo dwe separe an kat seksyon ki pwòp ak egalego.
- 3) Itilize pwodui apwopriye (kolestewòl) pou similasyon; pwodui a nan yon resipyan ki make ak kouvri; pwodui a make 'lightener' (dekoloran).
- 4) Ou dwe mete gan nan toulède men ou pandan aplikasyon an.
- 5) Ou dwe itilize 1/4 pous sou-seksyon (fòm ang ak paralèl akseptab).
- 6) Fè twa ondilasyon ak twa tranch depi ou pran separasyon ki pwòp yo.
- 7) Yon fason apwopriye, mete bouchaj la oswa papyè a anba tisaj la oswa tranch lan pandan pwosedi a; bouchaj la oswa papyè a fèt pou plwaye yon fason pou pwent yo rankontre (ou ka plwaye yo avèk dwèt ou oswa peny lan; ou dwe plwaye papyè yo sèlman); bouchaj la oswa papyè a pa dwe anpile; pòch la pa dwe pouse kont po tèt la.

- 8) Pwodu a pa pwolonje sou bouchaj la oswa papye a nan po tèt la pandan aplikasyon an; pa dwe gen fuit pwodu nan bouchaj la oswa papye ki nan zòn po tèt la.
- 9) Cheve ki gen tisaj ak franch yo fèt pou inifòm ak konsistan avèk peny ki gen ke oswa pwent bwòs tenti a; seksyon ki ant bouchaj yo oswa papye a (avèk cheve vyèj) dwe rete san pwodu (pa dèyè jiska dèyè).
- 10) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi similasyon bouchaj la.

Similasyon Kolorasyon Cheve (Retouch) - Dèyè Adwat (10 minit) **N ap Evalye 7 Travay**

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral demontre teknik pou kolore cheve. Kounye a ou pral fè kolorasyon cheve sou bò dwat dèyè tèt la. Ou dwe demontre yon retouch koulè ki mezire 1/2 pous avèk sou-seksyon ki mezire 1/4 pous. W ap itilize kolestewòl pou similasyon sa a avèk metòd bòl ak bwòs. Lè ou fini, tanpri ale dèyè pou endike ou fini. Apre egzaminatè a tcheke pwosedi ou, tanpri prepare materyèl ou yo pou pwosedi defrisaj/redrèsman. Answit, ale dèyè epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 10 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou kolore cheve a ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Itilize pwodu apwopriye (kolestewòl) pou similasyon retouch la; pwodu a nan yon resipyan ki make ak kouvri; pwodu a make 'tint' ('tenti') oswa 'color' ('koulè').
- 3) Ou dwe mete gan nan toulède men ou pandan aplikasyon retouch la.
- 4) Ou dwe itilize sou-seksyon pwòp ki mezire 1/4 pous pou retouch la.
- 5) Aplike pwodu retouch simile nan zòn po tèt la a 1/2 pous anlè tij cheve a avèk metòd bòl ak bwòs; ou dwe aplike pwodu a egalego nan cheve a.
- 6) Ou dwe finalize kouvèti retouch la okonplè.
- 7) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi similasyon kolorasyon cheve a.

Similasyon Restriktirasyon Chimik (Defrisaj avèk/san Tij) - Devan Agoch (Vyèj) ak Dèyè Agoch (Retouch) (25 minit) **N ap Evalye 15 Travay**

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou pral demontre teknik restriktirasyon chimik (defrisaj avèk/san tij). Demonstrasyon ou ap limite nan aplikasyon pwodu a (pa gen etap tretman). TOUDABÒ ou pral fè yon defrisaj vyèj sou fwon goch tèt la. APRE OU FÈ DEFRISAJ VYÈJ LA, answit w ap fè yon retouch defrisaj ki mezire 1 1/2 pous sou bò goch tèt la. W ap itilize kolestewòl pou fè tankou se pwodu redrèsman ou. Ou gen pèmasyon pou itilize swa yon bwòs tenti oswa yon peny ki gen ke pou aplikasyon sa a. Ou dwe itilize yon baz pou pwosedi defrisaj ak retouch vyèj la; ou dwe aplike baz pwoteksyon (jèl) nan zòn vyèj ak nan zòn retouch la nan menm operasyon an. Lè ou fini avèk aplikasyon vyèj ak retouch ou, tanpri kòmanse anbale materyèl ou yo. Lè ou fin anbale materyèl yo, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon pou kite sal egzamen an. Ou gen 25 minit pou fè pwosedi final sa yo epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou restriktirasyon chimik (defrisaj) ki nesèsè pou fè pwosedi sa a, epi yo dwe parèt pwòp, sanitè ak nan bon kondisyon travay aklè.
- 2) Pot tèt la, zòrèy yo, fwon an, liy cheve yo ak cheve ki te redrese anvan an fèt pou pwoteje avèk jèl (baz pwoteksyon an).
- 3) Aplikasyon jèl la fèt pou inifòm, izole pou nan zòn kòrèk la, okonplè, epi ou dwe reyalize kouvèti konplè (ou dwe pase jèl la nan zòn vyèj ak zòn retouch la nan menm operasyon an); jèl la pa dwe twòp yon fason pou evite redrèsman cheve a toupre rasin yo men li dwe vizib.

4) Itilize pwodui apwopriye (kolestewòl) pou similasyon defrisaj la; pwodui a dwe make kòm 'straightener or relaxer' ('lisè oswa pwodui defrisaj').

5) Ou dwe itilize sou-seksyon pwòp (òdone ak inifòm) ki mezire ½ pous.

APLIKASYON VYÈJ:

6) TOUDABÒ demontre pwosedi defrisaj vyèj sou seksyon nou chwazi a (fwon goch).

7) Ou dwe aplike aplikasyon vyèj la nan toulède bò cheve a avèk bwòs tenti a -oswa- espatil kolorasyon an -oswa- peny ki gen ke a, ou dwe pase krèm nan sou apeprè 1/4-1/2 pous nan po tèt la (ou ka pa fè sa nan pwent yo oswa ou ka mennen pwodui a jouk nan pwent yo).

8) Ou dwe pase pwodui defrisaj simile nan zòn po tèt la (1/4-1/2 pous) epi ou dwe distribye pwodui siplemantè a jouk nan pwent yo (aplikasyon vyèj); ou pa dwe distribye pwodui a oswa ou pa dwe kalme li avèk dan peny la.

APLIKASYON RETOUCH:

9) APRE OU DEMONTRE PWOSEDI VYÈJ LA, demontre pwosedi retouch avèk pwodui defrisaj sou seksyon nou chwazi a (dèyè agoch).

10) Pou retouch avèk pwodui defrisaj sou 1 1/2 pous, 1/4-1/2 pous nan po tèt la pa dwe gen pwodui a; apati 1/4-1/2 pous avèk po tèt la, ou dwe pase pwodui simile a nan rès zòn ki re-pouse a nèt epi yon jan inifòm avèk bwòs tenti a -oswa- espatil kolorasyon an -oswa- peny ki gen ke a nan toulède bò cheve a pou jwenn kouvèti konplè; pwodui a izole nan zòn retouch la.

11) Ou dwe pase pwodui defrisaj simile a nan zòn po tèt la (1/4-1/2 pous) epi ou dwe distribye pwodui siplemantè a jouk nan 1 ½ pous avèk retouch la jan li nesèsè; (sa akseptab nan kòmansman anlè oswa anba seksyon an); ou pa dwe distribye pwodui a oswa ou pa dwe kalme li avèk dan peny la.

12) Manipile cheve a kòrèkteman avèk epapiyman pwodui defrisaj la (ou ka itilize bwòs tenti la, espatil kolorasyon an, dèyè peny ki gen ke a oswa dwèt ki nan gan an pou fè cheve a vin lis); epi ou dwe pran prekosyon pou evite chòk oswa domaj.

13) Ou dwe mete gan nan toulède men ou pandan aplikasyon pwodui defrisaj simile a.

14) Kenbe po a san pwodui defrisaj simile a.

15) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi restriktirasyon chimik lan.

Netwayaj Zòn Travay

N ap Evalye 4 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Kounye a ou ka anbale materyèl ou yo epi ou ka netwaye zòn travay ou si ou potko fè sa. Lè ou fini, tanpri ale retounen dèyè epi rete tann pou egzaminatè a ranvwaye ou. Lè w ap soti, tanpri sonje pou pa kite anyen dèyè. Tanpri sonje ou DWE pran sache dechè ou yo tou. Mèsi pou kolaborasyon ou epi nou di ou bòn chans!"

1) Zouti ou itilize yo (sizo, bwòs, peny) te dwe konsève nan resipyan ki make 'dirty' ('sal') - oswa- ou te dwe mete yo nan ti sache yo ankò -oswa- mete yo nan sache dechè a.

2) Pòs travay la (sifas travay la) netwaye nèt avèk yon solisyon dezenfektan; zòn planche a pwòp.

3) Moun ki aplike a anbale tout materyèl/zouti yo epi ou pa kite anyen dèyè; li retire tout dechè yo nan sal la.

4) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè netwayaj zòn travay la.

SA OU DWE DI KANDIDA YO LÈ YO PRALE:

Mèsi paske ou vini. N ap fè ou konnen nan imèl lè rezilta egzamen an disponib. Ou dwe konekte nan kont Sant Lisans Eta New York (NYS License Center) ou pou wè rezilta yo anba seksyon Egzamen. Si ou pase egzamen jodi a epi si ou te pase egzamen ekri a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si ou pa pase egzamen jodi a, oswa si ou bezwen pran egzamen ekri a, w ap gen obligasyon pou pwograme li epi peye sou entènèt pou pwochen egzamen ou. Bòn chans!